SHOLAT IDUL FITRI

1. **<u>Sholat ied</u>** : inggih meniko sholat sunah kalih roka'at ingkang dipun lampahi ingdalem wanci antawisipun wiwit medalipun serngingi dumugi lingsire serngenge, ingdalem dinten riyoyo (1 Syawal)
2. **<u>Setengah saking sebab dipun nameni IED</u>** :
   a. Keranten riyoyo ied kasebat dipun wongsal-wangsuli tiap tahun.
   b. Katahipun rohmatipun Alloh ingdalem dinten kasebat ingkang kaparingakean dating kawulonipun.
   c. Wangsulipun kebingahan sebab wangsulipun dinten riyoyo.
3. **<u>Hukumipun</u>** sholat ied inggih puniko sunah muakadah.
4. **<u>Sunahipun</u>** dipun lampahi kanti berjama'ah, dene dipun lampahi piyambakan inggih pareng.
5. **<u>Wekdalipun</u>** ingdalem wanci antawisipun wiwit medalipun serngingi dumugi lingsire serngenge, sunahipun menawi sampun minggah sak penombak
6. **<u>Dene papan panggenan sholat ied</u>** saget wonten ing tanah lapang utawi wonten ing masjid inggih langkung utami keranten ingdalem saklebetipun masjid saget nindaaken ibadah sanesipun, sahinggo ganjaran ingkang dipun tampi langkung katah, contonipun adab lan do'a mlebet masjid, sholat tahiyatul masjid, I'tikaf
7. **<u>Syarat-syarate</u>** sholat sami kalayan syaratipun sholat wajib.
8. **<u>Niatipun sholat ied :</u>**

   أصلى سنة لعيد الفطر ركعتين مأموما لله تعالى

   "Usholli Sunnatal Lingiidil Fithri Rokngataini Makmumal Lillahi Tangala"
   "niat ingsun sholat sunah idul fitri kalih roka'at kanti dadi makmum kerono Alloh ta'ala"

9. Ingdalem roka'at sepindah : sak sampunipun niat maos takbirotul ikrom, selajengipun maos do'a iftitah, tumuli maos takbi 7x lan sakselo-selonipun maos takbir dipun sunahake maos

   سبحان الله والحمد لله ولااله الا الله والله اكبر

   "Subhanaulloh walhamdulillah walaa ilaaha illaulloh wallouhu akbar"
   "moho suci Alloh, lan sekabihane puji kagungane Alloh, ora ono pengeran sakliyane Alloh, Allohu moho agung"
   Sak sampunipun maos takbir 7x lan tasbih, tumuli maos surat Al-Fatihah lan disambung maos surat ingkang dipun remeni.
10. Wonten roka'at kaping kalih, maos takbir 5x, lan ingdalem takbir disunahaken maos tasbih kados roka'at sepindah, tumuli maos surat Al-Fatihah lan disambung maos surat ingkang dipun remeni.
11. Sak rampungipun sholat idul fitri selajengipun midangetaken Khutbah.

KESUNAHAN-KESUNAHAN SOHO ADAB-ADAB INGKANG DIPUN TINDAKAKEN SAKDERENGIPUN SOHO SAK LEBETIPUN SHOLAT IED

1. Ngatah-ngatahaken maos takbir wiwit surupipun serngenge akhiripun romadhon dumugi wancinipun imam jumeneng ngelampahi sholat.
2. Dene lafadz ipun takbir

الله اكبر، الله اكبر، الله اكبر . لا اله الا الله والله اكبر، الله اكبر ولله الحمد ، ٣

الله اكبر كبيرا والحمد لله كثيرا وسبحان الله بكرة وأصيلا. لااله الا الله ولا نعبد الا اياه مخلصين له الدين ولو كره الكافرون. لااله الا الله وحده صدق وعده ونصر عبده واعز جنده وهزم الاحزاب وحده. لااله الا الله والله اكبر. الله اكبر ولله الحمد .

Dipun pendet saking pengendikanipun imam Syafi'I kitab Al-Um,(halaman266)
Keterangan : takbir ingkang kawaos kaping 3 meniko nderek pengendikanipun Imam Maliki soho Imam Syafi'I, menawi takbir ingkang kaping 2 meniko nderek pengendikanipun Imam Hambali lan Imam hanafi

3. Dipun sunahaken gesangaken /nguripaken malem riyoyo fitri kanti ngelampahi ngibadah ingkang sak katah-katahipun, kados takbir, dzikir, shodaqoh lan lintu-lintunipun, nderek dawuh dalem kanjeng nabi "Sing sopo wonge ngurip-urip malem riyoyo kanti ngakeh-ake ngibadah , mongko bakal diparingi urip atine arikalane atine menuso podo mati"
4. Dipun sunahaken siram, pepaes kanti ngagem ageman ingkang suci tur paling sae ingkang dipun gadahi, lan ginaaken wangi-wangian.
5. Dipun sunahaken dahar sak derengipun tindak sholat riyoyo idul fitri.
6. Tindak mlampah tumuju papan sholat riyoyo idul fitri, lan antawisipun mergi tindak lan wangsul dipun bentenaken.
7. Saklebetipun mlampah tumuju papan sholat dipun sunahaken maos takbir utawi dzikir.
8. Do'aaken

تقبل الله منا ومنكم تقبل يا كريم وجعلنا الله واياكم من العائدين والفائزين

"Mugi-mugi Alloh nampi sedoyo ngamal saking kito soho saking panjenengan sedoyo lan mugi-mugi Alloh ndadosaken dateng kito soho panjenengna sedoyo setengah saking

golonganipun piyantun ingkang wangsul ingdalem kesucian soho golonganipun piyantun ingkang sami bejo”

9. Ngedalaken shodaqoh sak katah-katahipun.

Keterangan umum : Adat utawi tindak lampah ingkang dipun leksanaaken sakba’danipun sholat ied ingkang arupi mushofahaan (salaman), ikrar ngapuro-ngapuronan (halal bihalal), Silaturohim, ziaroh kubur, meniko perkawis ingkang sae, mboten medal saking dedasar qur’an utawi hadist